**दिन—शनिवार** **दिनांक—20.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आई पीएम किसान सम्मान निधि योजनाक तैइसम किस्तक राशि दऽ देलनि। पश्चिम बंगालक हुगली मे आयोजित कार्यक्रम सँ श्री मोदी नओ करोड़ चौवालीस लाख किसान सभक बैंक खाता मे अठारह हजार आठ सय अस्सी करोड़ टाका सँ बेसीक राशि डीबीटीक माध्यम सँ हस्तांतरित कयलनि। बिहारक तिहत्तरि लाख सँ बेसी किसान सभक बैंक खाता मे योजनाक राशि देल गेल अछि। एहि मौका पर पटनाक बामेती सभागार मे आयोजित कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित कतेको गणमान्य लोक सभ छलाह।

———————————————————————————

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी—एनटीए काल्हि होयबला नीट यूजी पुनर्परीक्षा सँ पहिने आइ राष्ट्रव्यापी मॉकड्रिलक आयोजन कयलक। परीक्षा सँ पहिने मानक तैयारीक लेल ई अभ्यास कयल गेल। एहि बिच पटना मे बापू परीक्षा भवन सहित राज्यक प्रमुख केंद्र सभ पर परीक्षा लेबाक लेल पूर्वाभ्यास कयल गेल। एहि के लऽकऽ यातायात मे सेहो बदलि कयल गेल।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी भोजपुर जिलाक शाहपुर थाना बिलौटी गाम में सतरह जून कऽ भेल पुलिस मुठभेड मे एक अपराधीक मृत्युक मामिलाक न्यायिक जांच करबाक लेल जनौलनि अछि। ओ जनौलनि जे ई मामिलाक जांच उच्च न्यायालयक सेवानिवृत न्यायाधीश द्वारा कयल जायत। सोशल मीडिया पोस्ट मे मुख्यमंत्री जनौलनि जे न्यायिक जाँचक उद्देश्य घटनाक निष्पक्ष आओर पारदर्शी जाँच करब अछि। ध्यातव्य अछि जे पछिला दिन भोजपुर जिलाक शाहपुर मे भरत तिवारी नामक एक व्यक्तिक भेल पुलिस मुठभेड़क बाद मृत्यु भऽ गेल छल। पुलिस अपन बयान मे मृत युवक के अपराधिक घटना मे शामिल होयबाक गप जनौने छल। जाहि सँ आक्रोशित मृतकक परिजन सभ विरोध प्रदर्शन कयने छल।

---

बिहार लोक सेवा आयोजग सत्तरहवीं संयुक्त परीक्षाक परिणाम जारी कऽ देलक अछि। आयोगक अध्यक्ष रवि मनुभाई परमार आइ परीक्षा परिणाम जारी कयलनि। दू हजार सत्ताईस पद पर नियुक्ति लेल वर्ष दू हजार चौबीस मे परीक्षा लेल गेल छल। अभ्यर्थी सभ बिहार प्रशासनिक सेवा बिहार पुलिस सेवा लेल पास भेलाह अछि।

---

काल्हि बारहम अंतर्राष्ट्रीय योग दिवसक मौका पर देशभरि में कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जायत। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु काल्हि मध्यप्रदेशक जबलपुर मे अंतर्राष्ट्रीय योग दिवसक मौका पर आयोजित कार्यक्रम मे मुख्य अतिथिक रूप मे भाग लेतीह। ओतहि, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कोलकाता मे आयोजित मुख्य समारोह मे भाग लेताह। एहि वर्ष योग दिवसक थीम अछि– **स्वस्थ वृद्धावस्थाक लेल योग**। राजधानी पटना सहित प्रदेशक विभिन्न भाग मे सेहो योग शिविर आ योग जागरूकता कार्यक्रमक आयोजन कयल जायत। पटनाक पाटलिपुत्र खेल परिसर मे आयोजित मुख्य समारोह मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य सभ रहताह। ओतहि, प्रदेशक सभ सरकारी आ निजी विद्यालय मे सेहो योगाभ्यास सत्रक आयोजन कयल जायत।

---

जनता दल यूनाइटेडक राज्य परिषद आ राष्ट्रीय परिषदक बैसार काल्हि पटना मे होयत। जदयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा जनौलनि जे जदयू अध्यक्ष आओर पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक मार्गदर्शन मे पार्टीक अगिला रणनीति पर चर्चा कयल जायत। ओ जनौलनि जे बैसार मे सभ मंत्री, सांसद, विधायक आ एमएलसी रहताह।

---

अररिया जिला सँ लागल सीमावर्ती क्षेत्र मे सुरक्षा व्यवस्था सुदृढ़ बनेबाक लेल एलआईएक बैसक कयल गेल। एहि मे जिला प्रशासन, एसएसबी आ आनो–आन खुफिया एजेंसीक अधिकारी सभ छलाह।

---

मधुबनी जिलाक एक अदालत अपन मायक हत्या मामिला मे दोषी बेटा लाल बाबू यादव के आजीवन कारावासक सजा सुनौलक अछि। अठारह अगस्त दू हजार चौबीस कऽ हरलाखी थाना क्षेत्रक ई घटना अछि।

---

राजधानी पटना समेत राज्यक दक्षिण–पश्चिम भाग मे भीषण गरमी पड़ि रहल अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बिच भभुआ, भोजपुर आ बक्सर जिला मे लू चलि सकैत अछि। जाहि के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयलक अछि। विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बिच कैमूरक भभुआ राज्यक सभ सँ बेसी गरम स्थान रहल, जतय अधिकतम तापमान बयालीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस रहल। एम्हर, मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे आई राज्यक उत्तरी आओर दक्षिण–पूर्वी भाग मे किछु ठाम तेज अन्हर–बिहारिक संग बरखा भऽ सकैत अछि।

---

समाप्त भेल।